



1. Kisa mwen bezwen soumèt ak aplikasyon mwen an?

Jis rantr enfòmasyon sou biznis ou oswa antrepriz san bi likratif ou sou aplikasyon prè yo senplifye a nan sba.gov/CoronavirusRelief. Anplwaye SBA kap fè tretman dosye ka mande adisyonèl enfòmasyon.

2. Mwen te aplike pou yon prè EIDL KOVID-19 e mwen pa tande anyen sou aplikasyon mwen an. Èske mwen ta dwe aplike ankò?

Non. Nenpòt aplikasyon adisyonèl pral make "kopi" epi yo pa pral trete. Tanpri rele Sant Sèvis Kliyan nou an nan 1-800-659-2955 (1-800-877-8339 pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande) oswa imèl DisasterCustomerService@sba.gov pou tcheke sitiasyon aplikasyon ou an. Si ou te deja aplike, ou pa bezwen soumèt enfòmasyon ou yo ankò.

3. Mwen bezwen èd pou ranpli aplikasyon an. Èske SBA ka ede m?

Ou ka kontakte Sant Sèvis Kliyan SBA nan 1-800-659-2955. Epi, Patnè Resous SBA tankou yon Sant Devlopman Ti Biznis lokal yo (SBDC) oswa Sant Devlopman Biznis Fanm yo (WBC) ka ede w ranpli epi soumèt aplikasyon EIDL KOVID la gratis. Pou jwenn Patnè Resous SBA ki pi pre w la, vizite sba.gov/LocalAssistance.

4. Prè mwen an twouve l pou kounye a nan pwosesis rekonsiderasyon / Mwen mande plis lajan; kisa ki pral rive apre dat limit la pase?

Dat limit aplikasyon an ak peryòd ki kouvri a te pwolonje jouk 31 desanm 2021. Aplikasyon ki nan pwosesis rekonsiderasyon oswa refòmataj anvan dat limit la ap kontinye trete.

5. Èske mwen ka mande rekonsiderasyon apre dat limit la?

Wi. Yon aplikan gen jiska 6 mwa apre dat aplikasyon an te refize pou l mande rekonsiderasyon, menm si dat limit aplikasyon 31 desanm 2021 an pase.

Voye demand rekonsiderasyon bay:

Imèl: pdcrecons@sba.gov

Lapòs: U.S. Small Business Administration
Disaster Assistance Processing and Disbursement Center
14925 Kingsport Road
Fort Worth, Texas 76155

Metè nimewo aplikasyon w lan, nenpòt enfòmasyon ki nesèsè pou elimine rezon refi a, ak nenpòt lòt enfòmasyon anplis ki ka ede nou nan tretman demand ou an.

Tretman ak dokiman obligatwa yo ka varye selon rezon refi an. Si lèt refi a te mande enfòmasyon oswa dokiman espesifik pou rekonsiderasyon, ou **dwe** ajoute yo.

Asire w ou ajoute:

- Non Biznis lan
- Non moun ki prete lajan an
- ID/EIN taks oswa SSN
- Nimewo Aplikasyon / Prè a
- [Fòm IRS 4506-T](#) (fòm lan dwe resevwa nan 120 jou ki vini apre dat siyati a)



6. Ki diferans ki genyen ant EIDL ak EIDL Avans Oryante a?



Prè pou Dezas Ekonomik (EIDL)

DESKRIPSYON	Yon EIDL se yon prè lontèm e dirèk nan SBA.
OBJEKTIF	Pou reponn ak obligasyon finansye ak depans fonksyonman ki ta ka satisfè si dezaz la pa te rive.
KANTITE LAJAN KI DISPONIB	Sis mwa nan fon woulman, jiska yon maksimòm de \$150,000.
KONDISYON	3.75% APR (fiks) pou biznis 2.75% APR (fiks) pou òganizasyon ki pap fè pwofi Jiska 30 ane pou remèt lajan
KOLATERAL	Obligatwa pou prè plis pase \$25,000
GARANTI PÈSONÈL?	Mande pou yon garanti pèsònèl pou prè ki depase \$200,000
PADONAB?	Non. Lajan ki Prete a ka remèt a nenpòt ki lè ki san okenn penalite pre-peman.
1mye PEMAN	1mye peman ranvwaye pou yon (1) ane; ou ka peye si ou vle. Enterè akimile pandan peryòd ranvwa. Ranpli epi soumèt Fòm SBA 1201P Pretè a sou Pay.gov .



**Avans EIDL (fèmen) epi
Avans EIDL Oryante (elijiblite limite)**

DESKRIPSYON	Avans EIDL Oryante a se yon sibvansyon nan sityasyon ijans ki pote fon woulman pou biznis ak òganizasyon ki pap fè pwofi ki twouve yo nan yon kominote ki pa gen anpil revni, ki te soufri yon bès nan revni ki depase 30%, epi ki gen 300 oswa mwens anplwaye.
OBJEKTIF	Pou ti biznis kenbe fonksyonman yo, adapte yo epi stabilize yo. Epitou, pou nenpòt ki objektif akseptab de prè EIDL la.
KANTITE LAJAN KI DISPONIB	Avans EIDL Orijinal la te bay \$1,000 pou chak anplwaye jiska yon maksimòm \$10,000; Avans EIDL Oryante bay tout \$10,000 a sèten ti biznis ki satisfè kritè kalifikasyon yo. Pa ka resevwa plis pase \$10,000 pou Avans EIDL oijinal ak Avans EIDL Oryante konbine
KONDISYON	Kapital ijans; pa gen pou remèt epi benefisyè yo pa gen pou yo kalifye pou oswa akseptè yon prè.
KOLATERAL	P/A
GARANTI PÈSONÈL?	P/A
PADONAB?	Avans EIDL pa prè; yo se sibvansyon ki pa bezwen remèt.
1mye PEMAN	P/A



APLIKE

[Aplike sou anliy](#)

Biznis yo ka aplike sèlman lè yo resevwa yon envitasyon imèl dirèk nan men SBA. **Aplikan yo pa bezwen pran okenn aksyon nan moman sa a.**

SBA pral kontakte moun ki ka kalifye.

7. Èske mwen ka aplike pou KOVID-19 EIDL la si mwen te deja resevwa yon prè PPP?

Wi. Pretè yo ka aplike pou tou de PPP ak EIDL, byenke tou de lajan yo pa ka sèvi pou menm objektif la.

8. Pou kisa mwen ka itilize lajan KOVID-19 EIDL la? Nan kisa li diferan ak lajan PPP?

Yo ka itilize lajan EIDL pou kouvri yon pil ak pakèt bezwen fon woulman ak depans fonksyonman nòmal, tankou kontinyasyon avantaj swen sante, lwaye, sèvis piblik, ak peman dèt fiks. Pou enfòmasyon sou lajan PPP, tanpri vizite sba.gov/CoronavirusRelief.

9. Èske yo pral retire Avans EIDL la oswa Avans EIDL Oryante a nan padon pou prè PPP mwen an?

Non. Lwa sou Èd Ekonomi lan, ki te adopte nan mwa desanm 2020, te anile kondisyon pou Avans lan soustrè nan padon prè PPP a.

10. Ki moun ki kalifye pou KOVID-19 EIDL?

Aplikasyon dwe twouve yo fizikman nan peyi Etazini oswa teritwa delimite epi yo te sibi pèt fon woulman akòz pandemi koronavirus la. Aplikasyon kalifye yo se:

- Biznis ki gen 500 oswa mwens anplwaye oswa yo defini tankou ti biznis selon [SBA.gov/SizeStandards](https://sba.gov/SizeStandards)
- Koperativ ki gen 500 oswa mwens anplwaye
- Antrepriz agrikòl ki gen 500 oswa mwens anplwaye
- Pifò antrepriz prive ki pap fè pwofi
- Oganizasyon relijye
- Antrepriz yon sèl pwopriyetè ak antrepriz endepandan

Biznis ki pa kalifye se sa ki angaje nan aktivite ilegal, montaj dosye prè, espekilasyon, distribisyon vant plizyè bagay, jwèt aza, envestisman oswa pretè lajan.

Remak: Kondisyon kalifikasyon pou Avans EIDL Oryante a yon ti kras pa menm ak pwogram EIDL KOVID-19 la. Tanpri vizite sba.gov/CoronavirusRelief pou plis detay.

11. E si mwen pa yon Sitwayen ameriken men biznis mwen satisfè tout lòt kritè pou yon KOVID-19 EIDL?

Yon sitwayen ki pa ameriken e ki posede 20% oswa plis nan biznis la kalifye si yo klase li kòm yon "nasyonal ki pa sitwayen" oswa "etranje kalifye." Etranje kalifye se rezidan pèmanan ki gen yon green card (kat vèt) valid. Gade nan [SOP 50 30 9](#). **Apendis 7.**

12. Kisa pwosesis pou resevwa yon prè SBA KOVID-19 EIDL ye?

Gen kat etap nan pwosesis aplikasyon KOVID-19 EIDL la:

1. **Aplike** nan DisasterLoanAssistance.sba.gov.
2. **Resevwa Estimasyon prè a.** Sa a se yon estimasyon de kantite lajan prè ki kalifye; **sa pa vle di** prè a apwouve. Aplikasyon bezwen chwazi kantite lajan prè **jiska** maksimòm sa a.
3. **Analiz Aplikasyon.** Yon Ofisye Prè ap analize aplikasyon an pou wè si li konplè epi li ka kontakte aplikasyon si li bezwen plis enfòmasyon.
4. **Desizyon.** Yo pran yon desizyon asavwa si aplikasyon an apwouve oswa refize.



SI LI APWOUVE:

- Yo voye yon imèl bay aplikan (yo) pou yo chwazi kantite lajan prè a epi siyen dokiman prè a. *Asire w ou telechaje yon kopi pou dosye ou.*
- Lajan prè yo transfere nan kont labank ou nan 5-10 jou ouvrab.
- Kenbe resi ak kontra pou tout lajan prè ki depanse pandan twa (3) zan.
- Peye atravè [Pay.gov](https://www.pay.gov) **OSWA** voye lajan pa lapòs bay:
U.S. Small Business Administration
P.O. Box 3918
Portland, OSWA 97208-3918

PA voye lajan nan Sant Sèvis SBA, paske sa pral lakòz yon reta nan pwosesis la.

Lè ou poste peman, ajoute:

- Non Biznis lan
- Non moun ki prete lajan an
- Adrès moun ki prete lajan
- Nimewo Kont
- ID/EIN taks oswa SSN
- Nimewo Prè SBA 10-chif

SI YO REFIZE L:

- Lèt refi voye pa mwayen imèl.
- Aplikan ka mande rekonsiderasyon alekri nan lespas 6 mwa apre dat lèt refi a. Voye bay:

Imèl: pdcrecons@sba.gov

Lapòs: U.S. Small Business Administration
Disaster Assistance Processing & Disbursement Center
14925 Kingsport Road
Fort Worth, Texas 76155

Mete nimewo aplikasyon w lan, nenpòt enfòmasyon ki nesèsè pou elimine rezon refi a, ak nenpòt lòt enfòmasyon anplis ki ka ede nou nan tretman demand ou an.

Tretman ak dokiman obligatwa yo ka varye selon rezon refi an. Si lèt refi a te mande enfòmasyon oswa dokiman espesifik pou rekonsiderasyon, ou **dwe** ajoute yo.

13. Kouman mwen ka tcheke sityasyon aplikasyon mwen an?

Aplikan yo ap resevwa yon envitasyon pou konekte nan pòtay kliyan an pou revize aplikasyon an, chwazi yon montan prè elijib, epi soumèt pou revizyon final. Si prè a pa apwouve, aplikan ap resevwa yon notifikasyon pa mwayen imèl ak yon rezon detaye pou refi prè a, san bliye enstriksyon pou fè apèl kont desizyon an.

Kontakte sèvis kliyan pou tcheke sityasyon an nan 1-800-659-2955 (1-800-877-8339 pou moun ki soud epi ki pa tande byen) oswa DisasterCustomerService@sba.gov.



14. Mwen te resevwa yon premye estimasyon prè a. Eske sa vle di mwen apwouve?

Non, sa se senpleman yon estimasyon prè ou ka kalifye pou resevwa. Yon fwa ou resevwa premye estimasyon prè a:

1. Konekte nan Pòtay Prè SBA ou
2. Chwazi konbyen lajan ou vle lajan prè a ye, jiska maksimòm nan estimasyon an
3. Asire w ou klike sou **bouton soumèt** la

Yon fwa sa fèt, aplikasyon w lan ap pase nan etap revizyon final la. Yon Ofisyè prè ka kontakte ou pou mande w plis enfòmasyon. Tanpri reponn san pèdi tan pou yo ka trete aplikasyon w lan rapid.

15. Mwen te resevwa prè a; Kòman pou mwen fè peman?

Peman prè KOVID-19 EIDL yo difere pou 12 mwa, byenke enterè ap akimile. Ou ka fè peman pi bonè oswa nenpòt ki lè. Pwogramè peman sou entènèt, pou sa ranpli [Fòm SBA 1201 pou Peman Pretè](#) sou [Pay.gov](#). Pa gen okenn penalite pou peman ki fèt bonè.

Si ou prefere voye peman pa lapòs, voye l nan:

U.S. Small Business Administration
P.O. Box 3918
Portland, OSWA 97208-3918

Remak: PA voye lajan nan Sant Sèvis SBA, paske sa pral lakòz yon reta nan pwosesis la.

Fè chèk oswa manda kòb yo (money order) sou non SBA. Asire w ou mete nimewo prè SBA 10 chif ou an.

Lè ou poste peman, ajoute:

- Non Biznis lan
- Non moun ki prete lajan an
- Adrès moun ki prete lajan
- Nimewo Kont
- ID/EIN taks oswa SSN
- Nimewo Prè SBA 10 chif

16. E si mwen pa bezwen tout lajan mwen apwouve pou li a?

Opsyon A) Si ou te resevwa premye estimasyon prè a sèlman, ou ka chwazi yon kantite lajan ki pi ba

1. Konekte nan Pòtay Prè SBA ou
2. Ou ka bese kantite lajan ou vle prè a ye, kote maksimòm nan se kantite lajan prè yo estime a
3. Asire w ou klike sou **bouton soumèt** la

Opsyon B) Si ou te deja resevwa lajan atravè Depo Dirèk, ou ka retounen lajan yo

Ekri yon chèk onon SBA epi voye li avèk nòt ki prezize si lajan yo ta dwe aplike nan EIDL, Avans oswa toude, epi ajoute tou:

- Non Biznis lan
- Non moun kap prete lajan
- ID taks oswa SSN
- Nimewo prè a

Sant Sèvis Kliyan Katastwòf SBA a ka bay tou enfòmasyon sou ranbousman prè sou peman epi ou ka jwenn li nan 1-800-659-2955 (1-800-877-8339) oswa DisasterCustomerService@sba.gov.



Voye bay:

U.S. Small Business Administration
P.O. Box 3918
Portland, OSA 97208-3918

17. Mwen gen yon asosye nan biznis lan, men li pa vle yo mete li sou aplikasyon KOVID-19 EIDL la. Èske mwen ka toujou aplike?

Tout pwopriyete ki posede 20% oswa plis nan biznis lan oblije sou aplikasyon an epi omwen 81% nan pwopriyete yo bezwen pran responsablite pou yo ka konsidere aplikasyon an.

18. E si mwen pa te aksepte tout lajan yo te apwouve mwen an; èske mwen ka jwenn tout lajan kounye a?

Si aplikan aksepte prè a pou mwens pase tout kantite lajan yo te premye ofri a, yo gen jiska de (2) lane apre dat nòt prè a pou mande pou mande yon ogmantasyon pou jwenn lajan adisyonèl, *menm apre dat limit 31 desanm 2021 aplikasyon an.*

Si yon aplikan te refize premye òf prè a, yo konsidere òf prè a kòm retire. Aplikan ka mande yon reyakseptasyon nan lesplas 6 mwa apre premye òf la, *menm apre dat limit 31 desanm 2021 aplikasyon an.*

Nan nenpòt ka, voye demand bay:

Imèl: pdcrecons@sba.gov

Lapòs: U.S. Small Business Administration
Disaster Assistance Processing & Disbursement Center
14925 Kingsport Road
Fort Worth, Texas 76155

Mete enfòmasyon adisyonèl sou nimewo aplikasyon ou an ki ka ede nou ak demand ou an, tankou eta finansye aktyalize.

Asire w ou ajoute:

- Non Biznis lan
- Non moun ki prete lajan an
- ID/EIN taks oswa SSN
- Nimewo Aplikasyon / Prè a
- [Fòm IRS 4506-T](#) (fòm lan dwe resevwa nan 120 jou apati dat siyati a)

19. E si mwen bezwen plis lajan pase sa yo apwouvem nan?

Yo ka chanje KOVID-19 EIDL yo ak yon ogmantasyon kantite lajan jiska 6 mwa nan fon woulman oswa yon maksimòm \$150,000 kèlkeswa sa ki pi piti a. Ou ka mande yon ogmantasyon swa anvan oswa apre w aksepte prè an. Si aplikan gen yon bezwen lajan ijan, aksepte kantite lajan prè maksimòm yo ofri a epi apre bay plis dokiman pou mande yon ogmantasyon.

Si ou te apwouve pou yon prè epi ou ta renmen mande pou yon ogmantasyon nan kantite lajan an, voye yon imèl ki deklare bezwen ou pou yon ogmantasyon nan kantite lajan prè a bay pdcrecons@sba.gov avèk mo "OGMANTASYON" nan liy sijè a. Ajoute tout enfòmasyon adisyonèl ki ka ede nou konsidere yon ogmantasyon pou aplikasyon w lan. *Egzanp:*

1. Dènye deklarasyon taks federal ou pou biznis ou ansanm ak yon fòm siyen [IRS 4506-T](#)
2. Pou eta finans ajou (Revni anvan taks, Pri Machandiz yo Vann, depans operasyon, oswa lòt sous konpansasyon), soumèt Fòm 3502.



20. Mwen gen plizyè biznis. Eske mwen ka soumèt plizyè aplikasyon pou EIDL KOVID-19?

Wi, ou ka soumèt yon aplikasyon pou chak biznis ki kalifye. Sepandan, omwen 81 pousan aksyon pou chak biznis bezwen kontabilize sou aplikasyon an.

21. Mwen te pran refi pou KOVID-19 EIDL la. Ki sa ki ka rezon refi sa?

Rezon refi pa menm pou tout aplikan. Rezon ki pi komen pou yon refi se:

- **Istwa kredi pa satisfèzan.** Paske EIDL se yon prè gouvènman, règleman federal egzije pou aplikan yo satisfè estanda kredi minimòm pou yo kalifye.
- **Enfòmasyon pa verifyab.** Si yon aplikan pa reponn nan lespas 7 jou a demann pou enfòmasyon adisyonèl ofisye prè yo voye ba li a, yo ka refize aplikasyon yo. Mande yon rekonsiderasyon pou reyaktifte aplikasyon w lan.
- **Estati sitwayen ki pa ameriken pa kalifye w.** Aplikan yo dwe sitwayen ameriken, resòtisan ki pa sitwayen, oswa etranje ki kalifye. Gade nan [SOP 50 30 9](#), **Apendis 7** pou plis enfòmasyon.
- **Aktivite biznis lan pa kalifye.**
- **Dezas ekonomik lan pa pwouve.** Gen de rezon posib pou refi sa a: 1) Chòk ekonomik la mwens pase kantite lajan ou resevwa pou Avans EIDL la; oswa 2) Enfòmasyon yo soumèt yo pa montre yon chòk ekonomik.
- **Rezon karaktè Moral.** Yo ka refize aplikan si yo te kondane pou yon krim nan senk dènye ane yo; oswa te janm angaje nan pwodiksyon oswa distribisyon nenpòt pwodwi oswa sèvis yo jije ki obsèn nan yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan; moun ki aktyèlman bloke oswa entèdi pou gen kontra avèk gouvènman federal la oswa ki ap resevwa sibvansyon oswa prè federal; ak / oswa moun ki kounye a anba yon akizasyon, ankèt kriminel, konparisyon, oswa lòt mwayen ki pote akizasyon kriminel fòmèl nan nenpòt jiridiksyon.
- **Si ou pa reponn.** Si aplikan yo pa reponn a Imèl kap mande pou plis enfòmasyon oswa pou yo siyen dokiman final prè a, aplikasyon an nòmalman ap ekspire apre 60 jou.

22. Èske mwen ka mande yon rekonsiderasyon si yo refize aplikasyon EIDL KOVID-19 mwen an?

Aplikan gen jiska 6 mwa pou mande rekonsiderasyon, menm apre dat limit 31/12/21 aplikasyon an. Voye demand rekonsiderasyon bay:

Imèl: pdcrecons@sba.gov

Lapòs: U.S. Small Business Administration
Disaster Assistance Processing & Disbursement Center
14925 Kingsport Road
Fort Worth, Texas 76155

Metè nimewo aplikasyon w lan, nenpòt enfòmasyon ki nesèsè pou elimine rezon refi a, ak nenpòt lòt enfòmasyon anplis ki ka ede nou nan tretman demand ou an.

Si lèt refi a te mande enfòmasyon oswa dokiman espesifik pou rekonsiderasyon, ou **dwe** ajoute yo.

Asire w ou ajoute:

- Non Biznis lan
- Non moun ki prete lajan an
- ID/EIN taks oswa SSN
- Nimewo Aplikasyon / Prè a
- [Fòm IRS 4506-T](#) (fòm lan dwe resevwa nan 120 jou ki vini apre dat siyati a)

Pwosesis la ap varye selon rezon pou refi a.



Egzanp:

Aplikasyon resevwa yon lèt refi pou aplikasyon prè KOVID-19 EIDL yo a ki soti nan SBA, ki bay "Katastwòf ekonomik pa pwouve" kòm rezon pou refi a. Ou jwenn rezon sa anpil lè enfòmasyon finansye yon aplikasyon ki sètifye pwòp tèt li sou aplikasyon senplifye yo a, tankou chif yo pou Revni Anvan Taks ak Pri Machandiz yo Vann yo pou peryòd douz (12) mwa anvan pandemi an, pa te reflekte yon katastwòf ekonomik, oswa enfòmasyon yo ka te rete vid.

Demand pwopriyete biznis la pou rekonsiderasyon yo ta dwe yon imèl ekri / lèt demann ki gen ladan bagay sa yo:

- Yon nòt ekri aplikasyon an ki mande rekonsiderasyon pou aplikasyon prè KOVID-19 EIDL yo te refize a, ki gen ladan nimewo aplikasyon an, non biznis / antite a, non pwopriyete a (yo), ak adrès biznis la
- Kopi dènye deklarasyon taks federal yo te depeze pou biznis la, anvan Pandemi KOVID-19 la, ki gen ladan tout fòmilè taks yo
- Yon [Fòm IRS 4506-T](#) ranpli epi siyen pou biznis la
- Kopi yon chèk anile pou kont biznis la
- Lè SBA ap trete rekonsiderasyon an, SBA ka mande plis enfòmasyon, ki ka gen ladann Fòm SBA 3502 - Enfòmasyon Sipò EIDL

23. Si mwen deja resevwa yon KOVID-19 EIDL epi mwen te viktim yon lòt dezast, tankou yon inondasyon oswa dife sovaj, eske mwen ka mande pou plis lajan?

Si ou nan yon zòn ki gen yon Deklarasyon Katastwòf, tankou dezast tankou inondasyon, dega tanpèt, dife nan bwa oswa tranblemanntè, ou ka elijib pou plis Prè Katastwòf SBA pou kouvri domaj nan kay ou, byen pèsone ou ak/oswa biznis.

Tcheke [DisasterLoanAssistance.sba.gov](https://www.sba.gov/disaster-loan-assistance) pou wè si gen yon deklarasyon katastwòf pou zòn ou an. Pwogram sekou KOVID-19 SBA a, tankou PPP ak EIDL, se pou chòk ekonomik ki rive akòz pandemi koronavirus la, epi yo pa pou pèt fizik oswa dezast ekonomik ki te rive nan lòt dezast.

24. Mwen deja gen yon lajan prè KOVID-19 EIDL epi biznis mwen an poko soti anba enpak fèmti akòz KOVID yo; eske mwen ta kalifye pou yon lòt prè?

Si ou te resevwa mwens pase \$150,000 nan lajan prè KOVID-19 EIDL, ou ka mande pou yon ogmantasyon nan prè SBA EIDL ou gen deja a. Ou ka kalifye tou pou lòt opsyon soulajman koronavirus ki soti nan SBA nan kad Lwa sou Èd Ekonomik pou Ti Biznis ki pran Gwo Frap yo, ki pap fè pwofi ak kap òganizasyon Evenman [Lwa sou Èd Ekonomik, vote nan dat 27 desanm, 2020, ki gen ladan ouvèti prè Pwogram Pwoteksyon Salè Premye ak Dezyèm Tiraj (PPP)]. Gade dènye enfòmasyon ak enfòmasyon nan [sba.gov/CoronavirusRelief](https://www.sba.gov/coronavirusrelief).

25. Si mwen jwenn yon lòt prè pou katastwòf akòz lòt sitiyasyon dezast, eske mwen ka konsolide nouvo prè a avèk KOVID-19 mwen an? Oswa eske mwen ka itilize li pou peye KOVID-19 EIDL la?

Non. Chak prè SBA pou katastwòf se yon prè apa; yo pa ka konsolide oswa itilize yo pou peye prè ki la deja.

Si ou kalifye pou yon lòt prè dezast SBA akòz yon lòt dezast deklare nan zòn ou an, nouvo prè a dwe sèvi pou rezon ki deklare nan dokiman prè ou, ki ka gen ladan fon woulman oswa reparasyon domaj fizik. Tèm ak kondisyon lòt prè pou katastwòf yo ka pa menm ak sa ki nan KOVID EIDL yo, epi nouvo prè a ka pa sèvi pou refinanse oswa peye prè ki deja egziste SBA pou katastwòf nan evènman dezast anvan yo, ki gen ladann KOVID-19. Kenbe resi ak kontra pou tout lajan prè ki depanse pandan 3 zan, konsa ou pral kapab dokiman itilizasyon lajan pou chak prè.



26. Etandone biznis mwen an poko refè apre fèmti akòz KOVID, ki jan mwen pral jere ranbousman?

Peman pou prè KOVID-19 yo ranvwaye otomatikman pou yon (1) lane. Prè pou katastwòf ki deja nan sitiyasyon ranbousman pou katastwòf ki te fèt *anvan* KOVID-19 yo ranvwaye jiska 31 mas 2021.

Nouvo prè pou dezas pou lòt dezas otomatikman ranvoye tou pou yon (1) lane.

Si ou kalifye pou yon nouvo prè pou katastwòf, ou ka mande pou SBA pwolonje ranvwa lòt peman prè ou pou ede w nan pwoblèm lajan, pou sa kontakte Sant Sèvis Kliyan nou an nan 1-800-659-2955 (1-800-877-8339) oswa DisasterCustomerService@sba.gov.

27. Nan kisa pwosesis pou aplike pou yon prè pou katastwòf natirèl pa menm ak pwosesis KOVID-19 EIDL la?

Si sèl eksperyans ou avèk prè SBA pou katastwòf se avèk pwogram EIDL pou KOVID-19, ou wap twouve pwosesis la pa menm pou katastwòf deklare tankou dezas natirèl.

Gen de pwogram asistans:

- **Prè domaj fizik** ki kouvri reparasyon ak ranplasman byen fizik ki domaje nan yon katastwòf deklare eki pa gen kouvèti asirans.
- **Prè katastwòf ekonomik** pou kouvri depans kourant ti biznis apre yon dezas deklare.

Pòtay aplikasyon an pa menm. Aplike nan [DisasterLoanAssistance.sba.gov](https://www.sba.gov/disaster-loan-assistance) oswa vizite [SBA.gov/Disaster](https://www.sba.gov/disaster) pou plis enfòmasyon.

28. Ki jan SBA defini Revni / Resèt anvan taks?

Resèt anvan taks gen ladann tout revni nan kèlkeswa fòm ou resevwa oswa akimile (selon metòd kontablite enstitisyon a) nan kèlkeswa sous la, tankou lavant pwodwi oswa sèvis, enterè, dividand, pri lwaye, redevans, frè oswa komisyon, mwens retou ak alokasyon pou biznis aplikan.

29. Kòman SBA defini Pri Machandiz Yo Vann?

Pri machandiz yo vann (COGS nan lang anglè) vle di depans dirèk nan pwodui machandiz yon vann. Kantite lajan sa a gen ladan pri materyèl ak mendèv yo dirèkteman itilize pou kreye machandiz la. Li pa gen ladann depans endirèk, tankou depans distribisyon ak depans anplwaye kap vann yo. Vizite [Small Businesses Self-Employed | Internal Revenue Service \(irs.gov\)](https://www.irs.gov/smallbiz) pou plis detay sou COGS.

30. E si yon moun te vòlè idantite mwen pou aplike epi jwenn asistans EIDL nan non mwen?

Si ou sispèk yon moun te itilize enfòmasyon pèsonèl ou san ou pa konnen oswa san pèmisyon ou pou jwenn asistans EIDL, tanpri telechaje [Lèt pou Vòl Idantite](#) a pou w jwenn enstriksyon etap pa etap sou fason pou rapòte ka vòl idantite a bay SBA. Lèt la gen ladan tou aksyon yo rekòmande pou w pran apre pou pwoteje tèt ou kont plis domaj nan finans ou akòz vòl idantite, tankou rapòte vòl idantite a bay Komisyon Federal Komès (FTC) la nan [IdentityTheft.gov](https://www.ftc.gov/identity-theft) epitou ajoute yon alèt fwod oswa friz kredi nan rapòte kredi ou.

31. Èske SBA ap retire rechèch difisil sa nan rapòte kredi mwen an kòm konsekans vòl idantite?

Wi. Ou ka konteste yon rechèch difisil epi mande pou yo retire li kòm yon konsekans vòl idantite lè w kontakte Experian dirèkteman nan 1-800-888-397-3742 oswa anliy nan [Experian Disputes](https://www.experian.com/disputes).



32. Poukisa mwen toujou ap resevwa eta kont chak mwa apre mwen te rapòte vòl idantite a bay SBA?

Ou ka kontinye resevwa eta kont chak mwa pandan SBA ap travay pou analize dokiman vòl idantite ou epi pou adrese dèt prè ou vè a. Eta kont yo pa montre nan ki pwen analiz kap fèt sou vòl idantite a. SBA ap voye ba ou yon konfimasyon separe alekri lè analiz vòl idantite a fini, epi dèt prè a regle.

33. Yon ti koutje sou Asistans pou Katastwòf

Kalite Asistans	Pretè	Objektif	Maks. Kantite lajan
Prè pou Dezas Biznis (pèt fizik)	Biznis tout gwosè ak òganizasyon prive ki pap fè pwofi	Repare oswa ranplase byen imobilye, envantè, ekipman, elatriye.	\$2 milyon
Prè Dezas Ekonomik (KOVID-19 EIDL)	Ti biznis yo, antrepriz agrikòl, kèk òganizasyon prive ki pap fè lajan	Fon woulman (<i>depans fonksyònman pou antrepriz agrikòl ak sa ki pap fè lajan</i>)	6 mwa fon woulman (<i>depans fonksyònman pou antrepriz agrikòl ak sa k pap fè lajan</i>), jiska yon maksimòm \$150,000
Prè Dezas Ekonomik (Tout lòt dezas)	Ti biznis ak òganizasyon prive ki pap fè pwofi	Fon woulman	\$2 milyon
Prè Dezas Ekonomik pou Rezèvis Militè (MREIDL)	Ti biznis ki gen rezèvis militè (yo) ki rele nan sèvis aktif	Fon woulman	\$2 milyon
Prè pou Kay-byen imobilye	Pwopriyete kay	Repare oswa ranplase rezidans prensipal ; domaj ki pa kouvri ak yon asirans	\$200,000
Prè pou Kay--pwopriyete pèsònèl	Pwopriyete kay ak lokatè	Repare oswa ranplase pwopriyete pèsònèl ki pa kouvri ak yon asirans	\$40,000
Limite Dega	Biznis, òganizasyon prive ki pap fè lajan, ak pwopriyete kay	Limite / anpeche menm kalite pèt sa yo pi devan	Ogmantasyon ki rive jiska 20% domaj fizik yo verifiye. Pwopriyete kay limite a \$200,000.

Nou ankouraje w swiv SBA a sou [Twitter](#), [abònè](#) nan e-bilten SBA a, epi vizite nou souvan sou entènèt nan sba.gov/CoronavirusRelief pou toujou gen dènye enfòmasyon sou devlopman.